# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–27 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

प्रदेस सरकार प्रयागराज के महाकुंभ क्षेत्र के आजु से गाड़ियन से मुक्त घोसित कइ दिहले हौ। ई फैसिला ओन्तिस जनौरी के मौनी अमौसा के अमृत नहान के मौका पर सम्भावित भीड़ि के सुचारू प्रबंधन बदे लिहल गइल हौ। सथहीं एकीकृत नियंत्रण अउर कमान केन्द्र के भीड़ि पर नजरि रखले अउर संगम पर ढेरि सरधालुअन के जुटले पर काबू करे बदे सक्रिय कइल गइल हौ। कउनों आपात हालति से निपटे बदे ढेरि भीड़ि–भाड़ वाले इलाकन में त्वरित कार्रवाई दलो के तैनात कइल गइल हौ।

येह बिच्चे, केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह आजु प्रयागराज में महाकुंभ में गंगा, जमुना अउर सरस्वती नदियन के त्रिवेणी संगम में पवित्र डुबकी लगवलें। प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अउर कई संतो लोगि उनके साथे मौजूद रहलें। हमरे संवाददाता क एगो रिपोर्ट–

**अपनी यात्रा के दौरान गृह मंत्री अमित शाह ने मेला क्षेत्र में सुरक्षा व्यवस्था का जायजा लिया। इसके अलावा कई साधु और संतों से मुलाकात की। गृहमंत्री अमित शाह ने कहा कि महाकुंभ संपूर्ण विश्व को समानता और समरसता का संदेश देता है। उन्होंने कहा कि यह महाकुंभ केवल तीर्थस्थल नहीं है बल्कि देश की विविधता, आस्था और ज्ञान परंपरा का भी संगम है। महाकुंभ के दौरान अब तक 13 करोड़ से अधिक श्रद्धालु संगम में पवित्र स्नान कर चुके हैं। 13 जनवरी से शुरू हुआ यह महाकुंभ का मेला 26 फरवरी तक चलेगा। दीपेंद्र कुमार, आकाशवाणी समाचार प्रयागराज।**

**********

महाकुंभ आवे वाले सरधालु ढेरि संख्या में धर्मनगरी बनारस अउर अजोध्या पहुंचि के दरसन–पूजन कइ रहल हवें। एहके देखत बनारस जिला में आवे वाला पांच फरौरी ले बिसेस ट्रैफिक व्यवस्था लागू कइल गइल हौ। इग्यारह थान्हा इलाका में सिटी अउर ई बस सेवा क संचालन बन्न कइ दिहल गइल हौ। सथहीं बहरे के जिलन से आवे वाला रोडवेज अउर प्राइबेट बसन कै सहर में प्रवेस बन्न हौ। अजोध्या जिलो में ढेरि संख्या में सरधालु श्रीरामलला क दरसन–पूजन कइ रहल हवें। काल्हि ओइजा पनरह लाख से बेसी सरधालु पहुंचलें अउर पूजा–अर्चना कइलें।

**********

वित्त मंत्री निर्मला सीतारमण पहिली फरौरी के वित्तीय बरिस दुइ हजार पचीस–छब्बीस बदे केन्द्रीय बजट पेस करिहें। आवे वाला बजट में घरेलू अउर वैस्विक चुनौतियन से निपटे बदे सरकार क आरथिक प्राथमिकता अउर राजकोसीय रणनीतियन कै झलक देखे के मिली। बजट में मजबूत ढांचा अउर विनिर्माण पारिस्थितिकी तंत्र के निर्माण पर जोर देत आरथिक वृद्धि, रोजिगार सृजन अउर राजकोसीय नियंत्रण पर धियान दीहल गइले क ओम्मेद हौ।

**********

प्रदेस सरकार में मंत्री रविंद जायसवाल बनारस मण्डल के विकास बदे नया प्राधिकरण बनावल गइले के सरकार के फैसिला के पर्यटन उद्योग के विकास में मददगार बतवले हवें। चंदौली में काल्हि मीडिया से बतियावत उहां के कहलीं कि ई प्राधिकरण सनातन परम्परा अउर पर्यटन पर केन्द्रीत रही।

***सरकार ने बहुत शानदार घोषणा किया कैबिनेट के अन्दर वाराणसी बिंद एनसीआर यानी की पुराना वाराणसी मण्डल, पुराना वाराणसी मण्डल मतलब कि पहले वाराणसी के मण्डल में मिर्जापुर जिला, सोनभद्र जिला, ये जो चन्दौली है बनारस जिले के पास का भदोही जिले बनारस के पास थे और पूर्व का जिला जौनपुर, गाजीपुर इनको मिला कर के वाराणसी बिंद एनसीआर यानी की पुनः एक तरह से वाराणसी के डेवलपमेंट के लिये एक नयी अथॉरिटी बनायी जायेगी। तो सनातन परम्परा जो टूरिज्म को फोकस करते हुए ये पूरा सात जिलों के विकास होगा।***

**********

मिशन शक्ति के तहत मऊ जिला में पुलिस अधीक्षक इला मारन महिला बीट पुलिसिंग एप क आजु सुरूआति कइलिनि। येह एप के जरिया से बीट पुलिसिंग क डिजिटलाइजेसन कइल गइल हौ। एहसे महिला पुलिस करमियन के अपने बीट क्षेत्र में होखे वाले घटना क जुरते सूचना मिलि जाई।

**********

प्रतापगढ़ जिला के कोहड़ौर इलाका के क्षीणा के लग्गे आजु भिन्नहीं भइल सड़कि दुरघटना में दुइ जने क मउति हो गइल जबकि दरजन भर लोगि घाही हो गइलें। दुरघटना ओह समय भइल जब महाकुंभ से चारि पहिया गाड़ी से लवटि रहल मैनपुरी जिला के सरधालुअन क गाड़ी, संतकबीरनगर जिला से महाकुंभ जा रहल सरधालुअन से भरल डीसीएम ट्रके से लड़ि गइल।

**********

मौसम विज्ञान विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस के कई जिलन में अगिला तीनि दिन ले कुहेसा क चेतावनी दिहले हवे। विभाग की ओरि से जारी दैनिक मौसम पूर्वानुमान बुलेटिन के मोताबिक येह अंचल के तराई वाले  इलाकन में कहीं–कहीं घना से ले के ढेर घना कुहेसा छवले रही। येह बिच्चे गोरखपुर अउर एकरे लग्गे के जिलन में आजु भिन्नहीं देरी ले कुहेसा छवले रहले से यातायात क रफ्तार सुस्त रहल। दुपहरिया बाद कुछु देर घाम निकरल, हलांकि गलन भरल हल्लुकाहे ठंडी महसूस कइल गइल। जिला प्रसासन के निरदेस पर कई जिलन में भिन्नहीं दस बजे के बाद स्कूलन क संचालन जारी हौ।

**********